

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Kandaga kecap dina karangan narasi murid sakola dasar nuduhkeun kamampuh murid dina ngedalkeun pangalamanana jeung pamadeganana dina wangun tinulis maké basa Sunda. Tina 16 karangan kapanggih aya 650 kecap anu frékuénsi makéna 2520 kecap. Sabadana dilakukeun analisis ngeunaan wanda kecapna kapanggih data yén kecap dasar kapanggih aya 216 kecap. Tina 216 kecap di wincik yén istilah pancakaki aya 17 kecap, istilah anggota badan sakecap, kecap gaganti 5 kecap, kecap bilangan 22 kecap, kecap pagawéan 113 kecap, kecap sipat 60 kecap, kecap barang 293 kecap. Wangun kecap anyar aya 74 kecap. Kecap pancén aya 126 kecap. Nurutkeun ahli yén murid bakal nyangkem leuwih loba nomina tibatan verba. Tina hasil panalungtikan témbong yén nomina leuwih loba dicangkem tibatan vérba.

Tina karangan narasi anu ditulis ku murid ogé kapanggih kecap – kecap anu kapangaruhan ku basa séjén /interférénsi. Interférénsi anu kapanggih nya éta aya basa Indonésia, basa Inggris, jeung basa Arab.

Tina karangan narasi anu ditulis ku murid rélatif luyu jeung kamekaran umur murid. Sabada dianalisis kapanggih 640 kecap anu luyu jeung kamekaran umur murid. Lian ti éta ogé kapanggih kekecapan anu cocog keur panyatur déwasa. Kecap – kecap anu teu luyu jeung kamekaran umur murid aya 10 kecap.

Karangan narasi anu ditulis ku murid bisa jadi salasahiji alternatif pikeun bahan pangajaran maca. Kamampuh kandaga kecap raket patalina jeung kaparigelan maca. Tina 16 karangan anu ditulis ku murid aya 5 karangan anu dianggap cocog pikeun bahan pangajaran maca ditilik tina tingkat interférénsina jeung alur karangan narasi anu ditulis ku murid sakola dasar.

5.2 Saran

Saréngséna panalungtikan ngeunaan kandaga kecap murid sakola dasar, panalungtik nuliskeun sababaraha saran, diantarana :

- a. Guruperlu ningkatkeun pangajaran kandaga kecap kalawan ngaoptimalkeun média pangajaran nu aya.

Leli Salimatul Hapsah, 2015

KANDAGA KECAP DINA KARANGAN NARASI MURID SAKOLA DASAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. Perluna ningkatkeun layanan ti sakabéh warga sakola saperti kepala sekolah jeung guru dina raraga ngamumulé basa jeung budaya Sunda. Salasahiji tarékahna ku cara ngeuyeuban buku bacaan basa Sunda pikeun ningkatkeun kandaga kecap murid sakola dasar.
- c. Tina kandaga kecap dina karangan narasi anu ditulis ku murid sakola dasar, lingkungan sakola jeung kulawarga milu mangaruhan kana kekecapan dina kandaga kecap murid. Kukituna, perluna gawé bareng antara sakola jeung kulawarga pikeun ngabantu kana pancén pangajaran basa Sunda.